



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL EGZÒTE NOUYÒKÈ YO POU PREPARE PLIKE TANPÈT  
IVÈNAL PREVWA EFEKTE KÈK PATI NANLETA AK GWO NÈJ IMID NAN FEN  
SAMDI AK DIMANCH**

*Zòn ki nan nò Vil New York yo, ki gen ladan Rejyon Kapital la, New York Santral, Mid-Hudson, Mohawk Valley ak Rejyon Southern Tier, kapab wè jiska yon pye nèj*

*Zòn Metro New York la pral resevwa jiska de pous lapli ak nèj ak grezil posib*

*Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare pou Kondisyon Vwayaj danjre ak blakawout posib*

*Ajans Eta yo pare pou reponn ak demann asistans yo*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare pandan yon tanpèt ivènal prevwa pou pwodui jiska yon pye nèj nan zòn nò Vil New York yo apati fen samdi epi l ap kontinye jiska dimanch. Pifò kote nan rejyon Mid-Hudson, Southern Tier, Kapital, New York Santral, ak Finger Lakes yo sipoze resevwa nèj sitou nan sistèm metewolojik la, alòske kèk kote nan zòn Metro NYC a kapab resevwa jiska de pous lapli, ansanm ak yon melanj ivènal ki gen nèj ak grezil jiska dimanch apremidi. Yo prevwa pi move kondisyon metewolojik yo ap kòmanse byen ta samdi swa epi y ap kontinye nan dimanch maten pou kèk kote. Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye swiv tanpèt la pandan wikenn nan epi fè plan kounye a pou asire sekirite yo pandan tanpèt la, tankou ajiste plan vwayaj si sa nesèsè epi prepare pou blakawout posib.

"Nouyòkè yo pa etranje fas ak nèj, men li toujou enpòtan pou prepare epi konnen kijan pou jere move tan k ap vini an san danje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout moun pou yo fè atansyon ak previzyon lokal yo epi pou yo planifye vwayaj kòmsadwa."

Total nèj yo ka rive jiska yon pye nan Rejyon Mid-Hudson ak Rejyon Kapital yo ak total ki kapab pi wo nan kèk pati nan rejyon Catskills yo. Yo prevwa apeprè 6-8" nèj pou kèk pati nan lès Southern Tier ak kèk pati nan Mohawk Valley, epi yo prevwa 2-6" nèj ka tonbe nan NY Satral, Finger Lakes, ak kèk pati nan North Country. Pousantaj chit nèj maksimòm yo ka rive 1-2" pou chak èdtan pandan lannwit lan samdi rive dimanch.

Pou jwenn yon lis konplè alèt ak previzyon metewolojik, vizite sitwèb Sèvis Meteyo Nasyonal la nan <https://alerts.weather.gov>. Nou ankouraje Nouyòkè yo tou pou enskri pou alèt ijans lè yo abòne ak NY Alert nan <https://alert.ny.gov>, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans ki enpòtan sou telefòn oswa òdinatè ou.

### **Aktivite Ajans lan**

#### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services)**

Divizyon an ap siveye aktivman previzyon metewolojik la epi kowòdone repons Eta a ak evènman move tan an. Anplwaye Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) yo an kontak ak tokay lokal yo epi yo prepare pou fasilite demann pou asistans. Divizyon an prepare pou deplwaye resous pou repons pou ijans ak pwovizyonabri ki soti nan rezèv Eta a.

#### **Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation)**

Depatman Transpò Eta a ap siveye kondisyon metewo yo epi li pare pou li entèvni avèk 3,692 sipèvizè ak operatè ki disponib nan tout eta a. Tout lokal rezidansyèl yo pral rete ak anplwaye yo pou operasyon yo 24/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. Tout ekipman ki disponib pou nèt ak glas pare pou yo deplwaye. Mekanisye flòt nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,617 gwo kamyon chasnèt
- 149 chasnèt mwayen
- 52 remòk chasnèt
- 343 gwo chajè
- 36 aparèy pou soufle nèt

Pou ou jwenn enfòmasyon sou kondisyon vwayaj an tan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oswa vizite <https://www.511ny.org/> oswa sit mobil la nan [m.511ny.org](https://m.511ny.org), sous enfòmasyon sou kondisyon vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

#### **Otorite Thruway (Thruway Authority)**

Enstalasyon antretyen Otorite Thruway yo pral genyen anplwaye 24/24 epi yo pral pare pou reponn ak 700 operatè ak sipèvizè chasnèt nan tout eta a. Otorite Thruway la ap deplwaye anplwaye ak ekipman nan Divizyon Buffalo li a pou sipòte operasyon nèt ak glas nan rejyon Mid-Hudson Valley. Resous ki deplwaye yo enkli gwo kamyon chasnèt ak operatè chasnèt yo. Resous adisyonèl yo an atant epi yo pare pou deplase jan sa nesèsè. Anplis de sa, rejyon ki afekte yo pral genyen Sant Operasyon Ijans (Emergency Operation Centers, EOC) ouvè pandan tanpèt la.

- 357 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 11 remòk chasnèj
- 67 gwo chajè
- Plis pase 126,000 tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) epi swiv [@ThruwayTraffic](#) sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

### **Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York**

Konpayi sèvis piblik yo ki reglemante pa Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, PPS) la gen apeprè 5,500 travayè ki disponib nan tout eta a pou angaje yo nan efò reparasyon ak restorasyon pou sistèm move tan ivènal la. Pèsonèl DPS la pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire konpayi sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo. Si yo entèwonp sèvis ou a, vizite [sit entènèt](#) Entèripsyon Sèvis Piblik DPS la pou jwenn konsèy.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a ap siveye kondisyon metewolojik yo epi prepare pou deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesèsè. Tout machin katpakat ak veyikil espesyalize Lapolis Eta a yo, ki gen ladan motonèj ak veyikil itilite tout tèren yo, anplas ak prè pou entèvansyon imedyat, epi yo te teste tout ekipman pou kouran ak kominikasyon ijans yo.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la**

Anplwaye Jesyon Ijans DEC, Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal, Gad Forè yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye sitiyoasyon ki ap devlope a ak previzyon metewo yo. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt entèvansyon ijans.

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye ak jete nèj a gwo echèl pou yo swiv pi bon pratik jesyon yo pou ede anpeche inondasyon ak redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, lwil, fatra oswa lòt debri nan nèj ki afekte kalite dlo a. Eliminasyon nèj nan rivyè ak kouran dlo lokal yo ka kreye baraj glas ki ka lakòz inondasyon nan zòn ki toupre yo. Operatè pou retire nèj piblik ak prive yo ta dwe okouran de pwoblèm sekirite sa yo pandan ak apre tanpèt la. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan [https://extapps.dec.ny.gov/docs/water\\_pdf/togs5111new.pdf](https://extapps.dec.ny.gov/docs/water_pdf/togs5111new.pdf).

### **Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) nan Eta New York**

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv deprè kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèkansyon nan ka tanpèt. Vizitè pak yo dwe tcheke <https://parks.ny.gov> oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

### **Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)**

MTA ap siveye kondisyon meteyowolojik yo deprè pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou voye sèl, netwaye platfòm ak eskalye kote ki gen glas yo, epi kenbe siyal, entèriptè, ak twazyèm ray yo ap fonksyone, retire tout pye bwa ki tonbe ki ka tonbe sou santye yo, epi asiste nan tout defi ki lye ak kondisyon meteyo yo pandan tanpèt la. Pon ak Tinèl MTA (MTA Bridges and Tunnels) ap konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon lè y ap kondui sou wout ki gen glas yo epi kondui nan vitès ralanti.

Kliyan yo ankouraje tcheke [new.mta.info](http://new.mta.info) pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta ak TrainTime.

### **Otorite Pòtyè**

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo nan tout etablisman li yo. Nan ka ta gen kondisyon metewolojik grav, ajans lan ap bay alèt vwayaj regilye ak mizajou jan sa nesèsè. Pou dènye enfòmasyon yo sou enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [Alèt PA yo](#) oswa telechaje youn nan [aplikasyon mobil PA yo](#), ki enkli RidePATH ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

### **Konsèy sekirite**

#### **Vwayaj**

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Pa kondui, sof si sa nesèsè.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote

plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

- Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.
- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li. Pa janm eseye pase sou yon chasnèj pandan l ap fonksyone.

## **Blakawout yo**

- Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou ou ka evite yon sichaj kouran lè yo repare sèvis la: kite yon limyè limen pou endike lè yo te retabli kouran.
- Si chalè a ale pandan yon tanpèt ivènal, kenbe kay la cho lè w fèmen chanm ou pa bezwen yo.

## **Pou rapòte yon blakawout, rele:**

- Central Hudson: [800-527-2714](tel:800-527-2714)
- Con Edison: [800-752-6633](tel:800-752-6633)
- National Grid: [800-867-5222](tel:800-867-5222)
- NYSEG: [800-572-1131](tel:800-572-1131)
- O&R: [877-434-4100](tel:877-434-4100)
- PSEG-LI: [800-490-0075](tel:800-490-0075)
- RG&E: [800-743-1701](tel:800-743-1701)

## **Sekirite pou Chofaj**

- Sèvi ak sous chalè altènatif ki an sekirite sèlman tankou yon chemine, ti recho a bwa oswa a chabon ki byen ayere oswa aparèy chofaj pòtab.
- Lè w ap itilize sous chalè altènatif tankou yon chemine, recho a bwa, elatriye, toujou asire w ke ou gen bon vantilasyon. Toujou Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
- Kenbe rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon yo lwen sifas cho.
- Gen yon ekstenktè ak detektè lafimen epi asire w yo fonksyone.
- Si w itilize aparèy chofaj ki mache ak kewozèn pou konplete gaz chofaj regilye w la, oswa kòm yon sous chalè ijans, swiv konsèy sekirite sa yo:
  - Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
  - Sèvi ak gaz ki kòrèk la sèlman pou inite w la.
  - Remete konbistib deyò sèlman epi lè inite a frèt sèlman.

-Kenbe aparèy chofaj nan yon distans omwen twa pye ak mèb yo lòt eleman konbistib yo.

-Lè w ap itilize aparèy chofaj la, sèvi ak pwoteksyon kont dife epi vantile byen.

Pou plis konsèy sekirite sou lè a, vizite <https://dhSES.ny.gov/safety>. Pou tout bezwen sèvis ki pa ijans anvan, pandan oswa apre yon tanpèt nan Eta New York, rele **211** oswa vizite [211nys.org](http://211nys.org).

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo \(Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES\)](#) ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv @NYSDHSES sou Facebook, Instagram, ak X (ke yo te rele Twitter) oswa vizite [dhSES.ny.gov](http://dhSES.ny.gov).

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)